

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Karangan otobiografi nyaéta karangan riwayat hirup anu ditulis ku sorangan. Tina hasil pedaran di luhur bisa dicindekeun yén:

1. Ditilik tina struktur jeung unsur karangan otobiografi siswa kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung. Struktur karangan otobiografiya nu merenah jeung kurang merenah dina nempatkeun carita/unsur bagian oriéntasi jeung kajadian. Struktur anu merenah katitén tina caritana anu ngaruntun teu pacampur bagian ngawanohkeun diri jeung carita kahirupanana, kapanggih aya 22 karangan otobiografi anu merenah. Sedengkeun struktur anu kurang merenah katitén tina caritana anu teu ngaruntun bagian ngawanohkeun diri jeung carita kahirupanana, kapanggih aya 8 karangan otobiografi anu kurang merenah.

Unsur karangan otobiografi aya 5 nu dianalisis nyaéta 1) ngaran jeung lalandian, 2) asal-usul kulawarga, 3) bentuk fisik jeung pasipatan, 4) riwayat atikan, jeung 5) préstasi atawa penghargaan nu kungsi dicangking, sedengkeun unsur karangan sacara umumna ngawengku: 1)éjahan, 2)diksi, jeung kalimah. Dumasar hasil analisis ngeunaan unsur otobiografi siswa kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung masih loba anu teu nyumponan sarat, di antarana teu nyaritakeun unsur ka-3 jeung ka-5, ogé masih aya kénéh anu kurang lengkep dina unsur ka-1, ka-2, jeung ka-3 yén anu dicaritakeuna ngan sawaréh teu sagemblengna. Salianti unsur otobiografi sacara husus, dumasar unsur karangan sacara umum karangan otobiografi siswa kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung masih loba kakurangan dina cara penulisan éjahan, diksi, jeung kalimah ngagunakeun basa Sunda. Tina 30 karangan otobiografi hasil analisis ngan aya 7 anu nyumponan sarat struktur jeung unsurna.

2. Ditilik tina keterbacaan 8 karangan siswa anu nyumponan sarat struktur jeung unsurna, tingkat keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung aya hiji nu cocok pikeun dijadikeun bahan ajar maca di SMA kelas 10, aya tilu karangan anu cocok pikeun

dijadikeun bahan ajar maca di kelas 6,7 jeung 8, aya tilu nu cocok pikeun dijadikeun bahan ajar maca di kelas 7,8 jeung 9, aya ogé anu cocokna pikeun bacaan di kelas 4,5 jeung 6.

3. Ditilik tina struktur, unsur, jeung keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung, tina hasil analisis jeung hasil pengukuran ngagunakeun *grafik fry* karangan otobiografi ka-22 cocok pikeun dijadikeun bahan ajar maca di SMA kelas 10.

## 5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan ieu pikeun mahasiswa jeung guru.

1. Pikeun mahasiswa nu bakal jadi panalungtik saterusna utamana mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, ieu panalungtikan ngan samet struktur jeung unsur otobiografi sedengkeun saterusna bisa leuwih dilengkepan deui ieu panalungtikan ditambahan ambahana kana nganalisis kumaha karangan otobiografi ditilik tina kabasaana timimiti fonologi nepi ka gembleng jadi wacana. Sabab pangajaran anu babari dicerna ku siswa téh nyaéta nu nyampak di siswana éta sorangan. Henteu ngan dilaksanakeun di sakola SMA Pasundan 8 Bandung hungkul, tapi bisa dilaksanakeun di sakola séjénna.
2. Pikeun guru dipiharep tina hasil panalungtikan ieu bisa dijadikeun bahan ajar maca anu oténtik tina hasil karangan siswa ogé. Saterusna mugia bisa manggihan deui bahan-bahan ajar maca tina hasil karangan siswana sorangan nu bisa dimangpaatkeun ku guru.